



**PEMERINTAH KABUPATEN PATI  
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
SMP**

D \_\_\_\_\_  
E \_\_\_\_\_

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS) GASAL  
TAHUN PELAJARAN 2022/2023**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : IX (Sembilan)  
Waktu :  
Hari / tanggal :

**PETUNJUK UMUM:**

1. Tuliskan nama, kelas, dan nomor absen Anda pada lembar jawaban yang disediakan.
2. Periksa dan bacalah soal dengan teliti sebelum Anda menjawabnya.
3. Laporkan kepada Pengawas tes kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
4. Dahulukan soal-soal yang Anda anggap mudah.
5. Kerjakan pada lembar jawaban dengan menggunakan bolpoint/pulpen yang bertinta hitam.
6. Apabila ada pilihan jawaban yang Anda anggap salah dan Anda ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis lurus mendatar pada jawaban yang Anda anggap salah kemudian beri tanda silang (X) pada pilihan jawaban yang Anda anggap betul.

Contoh:      Pilihan semula D : A      B      C        
                  Dibetulkan menjadi A :      B      C     

7. Mintalah kertas buram kepada pengawas tes bila diperlukan.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada Pengawas Tes.
9. Lembar jawaban tidak boleh dicoret-coret.

**Petunjuk Khusus:**

**I. Wangsulana kanthi cara menehi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawi d kang paling trep!**

1.

**Anoman Dhuta**

Prabu Rama lagi duka amarga Dewi Shinta, garwane, didustha dening Rahwana. Anoman banjur diutus budhal menyang Ngalengka kanggo mapag lan nggawa bali Dewi Shinta nanging katekan wanara liya kang jenenge Anggada. Anggada kepengin dadi utusane Rama kanggo mapag Dewi Shinta, sakloron padu padha pamer kakuwatan. Minangka solusine, Prabu Rama banjur menehi sayembara kanggo Anoman lan Anggada. ...

Kapetik saka: Kawruh Basa Jawa IX Semester Gasal SMP 2022 kaca 3

Saka wacan kasebut, bisa dimangerteni yen Prabu Rama lagi duka amarga Dewi Shinta kadhustha dening.....

- a. Anggada
- b. Rama
- c. Rahwana
- d. Anoman

2.

*Anoman menang sayembara nglawan Anggada amarga dheweke saguh teka ing Ngalengka kanthi wektu sedina. Dheweke dadi dhuta/ utusane Ramawijaya. Anoman banjur budhal dikancani dening Punakawan.*

Ing lakon wayang Anoman Dhuta, kethek Anoman dadi dhutaning....

- a. Anggada
- b. Rama
- c. Rahwana
- d. Shinta

3. Anoman dadi ... (1) Ramawijaya, banjur njujug menyang ... (2). Ing kana Anoman bisa nemoni Dewi Shinta lan ngaturake ali-aline. Nanging, Anoman konangan prajurit Alengkadiraja lan dirangket nuli disowanake marang ... (3).

Tembung kang trep nganggo ngganepi paragraf kasebut yaiku....

- a. Dhuta, Astina, Prabu Rama
- b. Dhuta, Alengka, Prabu Rama
- c. Utusan, Astina, Prabu Rahwana
- d. Utusan, Alengka, Prabu Rahwana

4.

Pungkasane Anoman menang sayembara amarga dheweke saguh teka ing Ngalengka kanthi wektu sedina. Anoman banjur budhal dikancani dening Punakawan. Anoman kepengin cepet-cepet banjur Punakawan dilebokake ning kancing gelung Anoman.

Kapetik saka: Kawruh Basa Jawa IX Semester Gasal SMP 2022 kaca 3

Sapa sing ngancani Anoman budhal menyang Ngalengka?

- a. Prabu Rama
- b. Dewi Sinta
- c. Anggada
- d. Punakawan

5.

Anoman banjur diutus budhal menyang Ngalengka kanggo mapag lan nggawa bali Dewi Shinta nanging katekan **wanara** liya kang jenenge Anggada. Anggada kepengin dadi utusane Rama kanggo mapag Dewi Shinta, sakloron padu padha pamer kakuwatan.

Kapetik saka: Kawruh Basa Jawa IX Semester Gasal SMP 2022 kaca 3

Tembung **wanara** bisa kaganti mawa tembung ....

- a. kethek
- b. gajah
- c. ula
- d. kidang

6.

Nalika dipuntakeni sepinten dangunipun wekdal ingkang katempuh kange **kesah** dhateng Ngalengka, Anoman matur menawi mbetahaken wekdal sedasa dinten, nanging Anggada **matur** sahag pitung dinten. Anoman lajeng matur sahag gangsal dinten, Anggada mangsuli tigang dinten.

Kapetik saka: Kawruh Basa Jawa IX Semester Gasal SMP 2022 kaca 9

Tembung **kesah** lan **matur** kang kacithak miring krama inggil-e yaiku....

- a. Lunga, kandha
- b. Tindak, ngendika
- c. Menyang, ngendika
- d. Marak, sanjang

7.

- Lagi bae midak lemah, Anoman kesedhot **Ditya** Wil Kataksini kang njaga segara Ngalengka banjur diuntal menyang njero wetenge.
- Ing tengahing laku, Anoman nglewati dalan alus kaya babut utawa karpet nanging jebule iku ilate **Ditya** Ilatmeja utawa Wil Kataksa. Anoman diuntal maneh ning njero weteng.

Tembung **ditya** kuwi tegese.....

- a. manungsa
- b. buta
- c. kewan
- d. tetuwuhan

8.

Anoman digujer tanpa bisa nglawan. Dheweke digawa menyang pasewakan. Printahe Dasamuka kang mangertenih bab kasebut, Anoman dicencang tangan lan sikile kanggo diobong. Tanpa diweruhi liyane, Togog, jelmaan Snag Hyang Antaga menehi Anoman banyu sacegukan kanthi kesepakatan yen omahe Togog dijaga saka anane bebaya.

Kapetik saka: Kawruh Basa Jawa IX Semester Gasal SMP 2022 kaca 4

Saka crita Anoman Dhuta, wujud budaya Jawa kang kacetha saka crita ing antarane.....

- a. Ilmu kang sejati bisa gawe resepung ati (Ngelmu kang nyata, karya resepung ati)
- b. Manungsa ning donya iki nglakoni apa kang dadi titahe Gusti (manungsa sadrema nglakoni kadya wayang upamane)
- c. Sapa kang seneng aweh tetulung mesti bakal akeh kang menehi pitulungan nalika nandhang kasusahan (sapa aweh bakal pikoleh)
- d. Kakuwatan utawa ajine manungsa gumantung omongane (Ajining dhiri ana ing lathi)

9. Gambar kanggo mangsuli pitakonan angka 8!



Ukara kang trep nganggo nggamarake kahanan kasebut yaiku....

- a. Anoman digujer tanpa bisa nglawan
- b. Anoman kasil sowan marang Dewi Shinta
- c. Prabu Rama lagi duka
- d. Dewi Sayempraba nulungi Anoman

10. Saben wacan crita iku duweni unsur intrinsik yaiku paraga lan watake, setting, alur, pitutur luhur, lan sapiturute. Setting utawa latar yaiku perangane unsur intrinsik sing wujude papan panggonan, wektu, sosial, lan kahanan. Ing crita Anoman Dhuta tembung Ngalengka, Pancawati, lan segara kuwi kalebu unsur intrinsik setting ....

- a . kahanan
- b . wektu
- c . swasana
- d . papan panggonan

11.

Dening Rahwana, Anoman kapatrapan paukuman yaiku bakal diobong ing alun-alun Ngalengka. Ngadhepi kahanan kang kaya mangkono, Rewandaseta utawa kapi seta tatag tanggon tanpa miris, tanpa gigrig manahe. Ing batine, kabeh prakara kang bener, bakal pener lan prakara kang luput utawa salah mesti bakal seleh. Iki minangka watak kasatriya kang patut ditiru. Ora gigrig lan wedi paukuman, nanging paukuman kang wedi marang beberner.

Kapetik saka: Marsudi Basa lan Sastra Jawa IX Jilid 3 2018 kaca 2

Budi pakarti kang bisa katuladha saka tumindake Anoman yakuwi.....

- a. Gumedhe lan tansah ngati-ati
- b. Ora gumedhe, ora jujur, lan ngati-ati
- c. Seneng tetulung, amanah, bisa dipercaya, lan teteg tekade
- d. Teteg tekade, ora bisa dipercaya

12. Saka wacan Anoman Dhuta uga bisa dituladhani tumindake Anoman minangka dhuta utawa utusan sanadyan akeh bebaya kang ngalangi lakune, nanging dheweke wani ngadhepi nganti kasembadan gegayuhane. Bab iku kaya unen-unen Jawa yaiku....

- a . Tatag, teteg, tutug
- b . Jer basuki mawa beya

- c. Sapa jujur bakal makmur  
d. Adigang, adigung, adiguna
- 13.

**Serat Wulangreh**

Sami-sami serat Jawi, ingkang isi piwulang gesang, ingkang sumrambah mratah ing kalanganing rakyat agung punika boten kados Serat Wulang Reh. Punapaa makaten, jalaran dhapukaning basanipun limrah, tembung-tembungipun wantah, boten adakik-dakik, ceplas ceplos genah, ingkangmekaten punika wau nggampilaken panampining suraos. Pujangganipun priyagung luhuringgih punika Sri Paku Buwana IV. Piyambakipun nganggit Serat Wulangreh kanthi ancas paring piwulang marang manungsa.

- Sri Susuhunan Pakubuwana IV nganggit Serat Wulangreh kanthi ancas ...  
a. paring piwulang marang Gusti  
b. paring piwulang marang Sri Paku Buwana IV  
c. paring piwulang marang Sinuhun Bagus  
d. paring piwulang marang manungsa
14. Serat Wulangreh ingkang dipunserat kanthi wujud tembang menika nggadhai pitutur luhur. Isinipun Serat Wulangreh ngewrat piwulang....., ingkang kenging kangge gondhelan netepi darmaning gesang.  
a. Kalepatan  
b. Kasaenan  
c. Kadurjanaan  
d. Kaendahan

15. *Pujangganipun priyagung luhur ingkang pantes pinundhi-pundhi, ingkang mberkahai lan nyawabi ing jagading gesang bebrayan Jawi, inggih punika Sri Paku Buwana IV, ingkang kasuwur lurus burus ing budi, wimbuh bagus ing rupi, ngantos katelah pinaraban "Sinuhun Bagus". Piyambakipun nganggit Serat Wulangreh kanthi ancas paring piwulang marang manungsa.*

- Serat Wulangreh kaanggit dening Sri Paku Buwana IV ingkang kasuwur lurus burus ing budi, wimbuh bagus ing rupi, ngantos katelah pinaraban.....  
a. Sultan Hamengkubuwana  
b. Panembahan Senapati  
c. Sultan Agung  
d. Sinuhun Bagus

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan 16-17!

**Dhandhanggula**

2	5	6	6	6	1	1	1	1
Pa-me-	dhar-	e	wa	-si-ta-	ning	a-ti		
1	1	6	6	6	6	6	6	
Cu-man-	tha-ka	a-ni-ru	pu-jang-ga					
5	6	6	6	6	<u>16</u>	<u>55</u>		
Dha-hat	mu-dha	ing	ba-tin-	e				
5	6	6	6	1		6		
Na-ning	ke-	dah	gi-	nung-	gung			
5	5	2	2	2	2	2	<u>16</u>	
Dha-tan	wruh	yen	a-keh	nge-	sem-	i		
1	2	2	2	2	2	2		
A-mek-	sa	ang-rum-	pa-	ka				
1	1	6	1	<u>65</u>				
Ba-	sa	kang	ka-	lan-	tur			
1	2	2	2	2	2	2		
Tu-	tur	kang	ka-tu-la	tu-la				
2	2	1	6	6	6	6	<u>61</u>	2
Ti-na-	la-ten	ri-nu-ruh	ka-	la-	wan	ri-rih		
5	6	1	6	2	1	<u>61</u>		
Mrih	pa-	dhang	ing	sas-	mi-	ta		

16. Guru wilangan lan guru lagunipun tembang Dhandhanggula inggih punika 10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a. Mila, guru gatranipun tembang Dhandhanggula punika wonten .... gatra.
- pitu
  - wolu
  - sanga
  - sedasa
17. Angka-angka kang ana ing ndhuwur cakepan tembang Dhandhanggula kasebut diarani....
- Guru wilangan
  - Guru lagu
  - Guru gatra
  - Titi laras

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan 18-19!

<b>Dhandhanggula</b>
Pra siswa lan pra siswi puniki Mangkat sekolah padha nyangking tas Dha ngati-ati lampuhe ..... Nora keri Pramuka, OSIS BK samono uga Diwulang pra guru Piwulange digatekna Kabeh kang diwulangake mupangati Mring panguripan siswa

18. Ukara kang trep nganggo ngganepi tembang kasebut yaiku....
- Akeh kang ngaku
  - Sasmitane urip iki
  - Sengkut nggone sinau
  - Urip kang urup
19. Tema kang trep jumbuh karo cakepan lan isi tembang kasebut yaiku....
- Lingkungan
  - Kasarasan
  - Pendidikan
  - Paukuman
20. Ing jaman saiki, wis dadi padatan, guru sing nggoleki murid. Beda ing jaman biyen, murid kang nggoleki guru. Pancen kaprungu saru wong guru kok nggoleki murid. Nanging kabeh iku mau pancek mangkono amarga kagawa wolak-walike jaman.  
Pada tembang kang trep jumbuh karo isi tembang kasebut yaiku....
- Ingkang lumrah ing mangsa puniki,  
Apan guru ingkang golek sabat,  
Tuhu kuwalik tingale,  
Kang wus lumrah karuhun,  
Jaman kuna mapan si murid,  
Ingkang padha ngupaya,  
Kudu anggeguru,  
Samengko iki tan nora,  
Kyai Guru naruthuk ngupaya murid,  
dadiya kanthinira.
  - Sasmitaning ngaurip puniki,  
Yekti ewuh yen ora weruha,  
Tan jumeneng ing uripe,  
Akeh kang ngaku-aku,  
Pangrasane sampun udani,  
Tur durung wruh ing rasa,  
Rasa kang satuhu,  
Rasane rasa punika,

Upayanen darapon sampurna ugi,  
Ing kauripanira.

- c. Nanging yen sira nggeguru kaki,  
Amiliha manungsa kang nyata,  
Ingkang becik martabate,  
Sarta kang wruh ing kukum,  
Kang ngibadah lan kang ngirangi,  
Sokur oleh wong tapa,  
Ingkang wus amungkul,  
Tan mikir pawewehing liyan,  
Iku pantes sira guronana kaki,  
Sartane kawruhana.
- d. Lamun ana wong micareng ngelmi,  
Tan mupakat ing patang prakara,  
Aja sira age-age,  
Anganggep nyatanipun,  
Saringana dipunbaresih,  
Limbangen lan kang patang,  
Prakara rumuhun,  
Dalil kadis lan ijemak,  
Myang kiyase papat iku salah siji,  
Anaa kang mupakat.

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan 21-22!

Nanging yen sira nggeguru kaki,  
Amiliha manungsa kang nyata,  
Ingkang becik martabate,  
Sarta kang wruh ing kukum,  
Kang ngibadah lan kang ngirangi,  
Sokur oleh wong tapa,  
Ingkang wus amungkul,  
Tan mikir pawewehing liyan,  
Iku pantes sira guronana kaki,  
Sartane kawruhana.

21. Guru lagu tembang Dhandhanggula kang tiba **suku** ana ing gatra .....

- a. 1 lan 4
- b. 4 lan 7
- c. 1 lan 9
- d. 5 lan 9

22. Cakepanipun gatra kaping tiga Sekar Dhandhanggula ing nginggil inggih punika.....

- a. amiliha manungsa kang nyata
- b. cumanthaka aniru pujangga
- c. dhahat mudha ing batine
- d. ingkang becik martabate

Gatekna tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan 23-24!

Ingkang lumrah ing mangsa puniki,  
Apan guru ingkang golek sabat,  
Tuhu kuwalik tingale,  
Kang wus lumrah karuhun,  
Jaman kuna mapan si murid,  
Ingkang padha ngupaya,  
Kudu anggeguru,  
Samengko iki tan nora,  
Kyai Guru naruthuk ngupaya murid,  
dadiya kanthinira.

23. **Guru gatra kaping sanga**, andharane tembang Dhandhanggula ing dhuwur unine ....
- Ingkang lumrah ing mangsa puniki
  - Kyai Guru naruthuk ngupaya murid
  - tinalaten rinuruh kalawan ririh
  - Jaman kuna mapan si murid
24. "Jaman kuna mapan si murid", cakepan gatra punika guru wilanganipun cacah ... wanda.
- wolu
  - sanga
  - sedasa
  - sewelas
25. Apresiasi tembang macapat kena ditegesi menehi tanggepan arupa biji, kritik, panyaruwe, lan sapiturute ing sawijining tembang macapat. Manawa para siswa ngapresiasi tembang macapat, **kang ora** dibiji yaiku.....
- Pamilihing tembung
  - Isine piwulang, karakter
  - Runtuting ukara
  - Wong sing gawe tembang

#### **Gatekna pethilan naskah sandiwara ing ngisor iki mangsuli pitakonan 26-27!**

Ing pawon, Ani nguncalake tas sekolah. Menthengkelek raine abang nyedhaki ibune sing wungkuk lagi isah-isah.

Ani	: "Bu, kula nyuwun arta!"
Ibu	: "Ora ana ndhuk, ibu ora kagungan arta. Kanggo apa ta Ndhuk?" (mandheg sedhela anggone isah-isah sinambi ngematke putrine)
Ani	: "Kangge tumbas HP."
Ibu	: "Ya wis sing sabar ngenteni kiriman saka Masmu Arif dhisik, Ibu durung ana dhuwit iki. Muga Masmu lancar anggone nyambut gawe, Ibu muji syukur marang Gusti Allah senajana ana pageblug corona iki Masmu ora kena PHK saengga bisa mbiyantu Ibu lan awakmu Ndhuk."
Ani	: Aamiin, nggih Bu

(Kapetik saking Buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 44 mawi ewah-ewahan)

26. Paraga kang ana ing sandiwara kasebut yaiku.....

- Ndhuk lan Bu
- Ndhuk lan Ibu
- Ani lan Ndhuk
- Ani lan Ibu

27. Tembung **arta** padha tegese karo tembung.....

- Bekal
- Donga
- Sangu
- Dhuwit

- 28.

Sakabehing bentuk kesenian rakyat Jawa kang awujud seni pertunjukan iku, sejatine minangka wujud kasugihaning budaya Jawa kang asipat adi luhung. Wujud iku uga minangka asil pamikiran dalah panemune masyarakat Jawa kang bisa dadi pratandha alusing budi dalah dhuwuring nalar manungsa. Sakabehing seni rakyat Jawa iku duwe pranatan tumrap paraga lan panyengkuyung sarta urut-urutan lakuning pagelaran kanthi tinata lan runtut. Kayata ing pagelaran Ludruk, reyog, jathilan lan angguk. Maneka werna seni pertunjukan iku satemene ngandhut wiji lan filosofi kang becik tumrap tata panguripan urip manungsa.

(Kapetik saking buku Modul 6 Seni Pentas Jawa, 2019: 24)

- Novel, kethoprak, wiracarita
- Ludruk, reyog, jathilan, angguk
- Geguritan, geguritan modern, geguritan mutakhir
- Dongeng, novel, legendha

29.

Nyemak estetis ing pagelaran seni ludruk, bisa katujokake ana ing perangan kidungan. Nalika kidungan, para paraga padha nglagokake parikan-parikan kang ditembangake. Parikan iku dilagokake nganggo basa Jawa dialek Suroboyoan. Wosing parikan racake awujud pasemonpasemon ing sajroning urip bebrayan. Supaya bisa narik kawigatene panonton/panyemak, parikan iku kerep direngga kanthi basa kang endah, kayata, ngganggo purwakanthi (persajakan), tembung garba, lelewaning basa, lan sakpiturute. Sawise iku perangan kang uga nambahi kaendahan kidungan yaiku cara paragane anggone nembangake parikan srana njoged kanthi iringen gamelan. Mula nalika nyemak estetis pagelaran Ludruk, kawigatene panyemak bisa kapunjerake ing sajroning (1) basa parikane lan (2) kepriye cara nembangake parikan iku. Saka basa kidungane, panyemak bisa nemokake kepriye panganggone purwakanthi basa, pamilihan tembung (diksi), lelewaning basa (gaya bahasa) sarta momotaning pitutur ing parikane. Dene saka cara nembangake parikan, panyemak bisa mbiji kepriye carane nglagokake parikan, laras utawa ora karo gamelane.

(Kapetik saking buku Modul 6 Seni Pentas Jawa, 2019: 13)

Panganggone purwakanthi basa, pamilihan tembung (diksi), lelewaning basa (gaya bahasa) sarta momotaning pitutur ing parikan bisa katemokake saka .... pagelaran seni ludruk.

- a. Cara nembangake parikan
- b. Cara nembangake macapat
- c. Basa kidungane
- d. Basa ibune

Ing wulangan sastra, drama yakuwi asile kasusastran sing wujude dialog. Ing kasusastran Jawa, sing klebu drama akeh banget, yakuwi: wayang kulit, wayang wong, ketoprak, ludrug, jemblung menthiet, kentrung, lsp. Drama ing jaman saiki akeh uga sing nyritakake dongeng, legenda, fabel, mitos.

Drama jaman saiki digawe, diolah nganggo piranti modern, lan didokumen sajroning perangkat elektronik. Masyarakat umum saiki arang banget nemoni pagebyagan/pementasan drama. Anane iya paling yen pas ana event tartamtu, upamane perpisahan, pitulasan. Wong nonton drama langsung wis akeh sing wegah, kejaba kepeksa. Wong luwih becik lan luwih seneng nonton dokumen drama sing bisa ditonton kapan wae lan sinambi ngapa wae. Dokumen drama model ngene iki bisa ana ing Youtube, dokumen sinetron.

(Kapetik saking buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 43)

30. Masyarakat umum saiki arang banget nemoni pagebyagan/ pementasan drama. Anane iya paling yen pas ama *event* tartemtu, umpamane.....

- a. Sekatenan, upacara adat
- b. Perpisahan, pitulasan
- c. Nyadran
- d. Sedhekah bumi

### Gatekna wacan ing ngisor iki mangsuli pitakonan 31-32!

#### Sri Ngilang

Landhung pas arep menyang kos-kosane Sri ketemu karo Suparto. Gandheng loro- lorone padha dene luwe, mula wong loro padha golek warung mangan. Sidane menyang warung kopi. Ing warung kopi ketemu Nur lan Narsih.

Nur lan Narsih sejatine arep padha tilik Sri sing lagi ana Rumah Sakit Bethesda. Sidane wong papat, Nur, Narsih, Landhung lan Suparto sarujuk tilik bebarengan, nanging pas arep mangkat bebarengan Nur tampa telpon saka Sri. Isine Sri jebule olehe lara mlebu rumah sakit mung kepengin ketemu karo Dokter Gunawan.

Sri lan dokter Gunawan padha lunga menyang Magelang! Nur, Narsih, Landhung lan Suparto ora sida menyang rumah sakit. Sidane banjur menyang daleme Pak Sardi, amarga Bu Probo ibune Sri wis ana kana.

Ing daleme Pak Sardi wong papat mau nyritakake kabeh kedadeane. Pak Sardi lan Bu Probo tukaran, padudon, padha moh ngakoni kaluputan. Pak Sardi moh dianggep lput amerga dokter Gunawan kuwi putrane. Mengkono uga Bu Probo moh diluputake. Nanging kekarone banjur padha dene ngakoni kaluputane lan padha dene nyuwun ngapura.

Dumadakan ana tamu pulisi, sing arep nyekel Suparto amerga didakwa dadi pengedar Narkoba. Nanging Landhung ethok-ethok semaput lan tiba. Nalika wong padha gegep nulungi Landhung, Suparto lunga.... Oncat.

Esuke ing teve lokal, Caraka TV digiyarake yen pulisi sejatine wis kasil nyekel gembong narkoba, nanging diculake maneh, supaya bisa dilacak nalika kumpul kancane.

(Kapetik saking Buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 38)

31. Landhung, Suparto, Nur lan Narsih ing sakawit arep tilik Sri ing rumah sakit Bethesda, nanging ora sida, geneya?
- Nur tampa telpon yen Sri lunga menyang Magelang
  - Narsih tampa telpon yen Sri lunga menyang Magelang
  - Landhung tampa telpon yen Sri lunga menyang Magelang
  - Suparto tampa telpon yen Sri lunga menyang Magelang
32. Budi pakarti kang bisa katuladhani saka sandiwara Sri Ngilang yakuwi ....
- Yen ana kanca lagi nandang lara utawa kasusahan kudu enggal ditiliki utawa dibiyantu
  - Nutupi kanca kang nindakake kaluputan
  - Yen bener kudu enggal njaluk pangapura
  - Yen lelungan ora kudu pamit lan nyuwun pangestu marang wong tuwa

33.

**Bab sing kudu digatekake sajerone gawe sinetron:**

- Scene: owah-owahane crita, saka basa gancaran crita diowahi dadi adegan wicara.
- Adegan: Perangane crita ing drama sing isine laku lan wicarane paraga/tokoh crita.
- Mimik: ekspresi kaanane rasa,ati, pikirane paraga sing diparagakake kanthi praupan/rai.Kaanan mau bisa: seneng, susah, bodho, culun, lantip, lsp.
- Gesture: Padha karo mimik, nanging sing maragakake saranduning awak, bias tangan, bau, sikil, sirah, weteng, lsp.
- Sutradara: wong sing mimpin sakabehing produksi sinetron.
- Editor: Wong sing ngurutake gambar sing dijupuk supaya dadi urutan crita sinetron.klebu uga ngisi ilustrasi musik lan swara.
- Ilustrator: Wong sing tugase ngisi ilustrasi, bisa musik lan swara liyane supaya sinetron luwih apik.

(Kapetik saking buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 43)

Owah-owahane crita saka basa gancaran dadi adegan wicara diarani ....

- Scene
- Adegan
- Dialog
- Gesture

34.

**UPACARA ADAT JAWA**

Masyarakat Jawa kalebu masyarakat sing duwe upacara adat sing akeh. Upacara mau kaperang dadi upacara sing sifate kolektif, lan niji ( individu ). Upacara sing sifate kolektif kuwi dianakake bebarengan wong akeh saklompok, bisa RT, dhukuh, nganti desa. Upacara kolektif iki upamane: Merti desa, Sedhekah bumi, Sadranan, labuh tandur, ngalungi sapi, lan liya-liyane. Upacara niji utawa individu kuwi sing dadi obyek upacara pribadi, utawa pawongan. Upacara iki cacahé luwih akeh maneh. Wiwit menungsa durung lair, urip nang dunya, nganti tekan mati isih dianakake upacara adat.  
(Kapethik saking Buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab Pati, 2021: 58)

Tuladhané upacara kolektif yaiku ....

- Selapan
- Sepasaran
- Sedhekah bumi
- Khitian

- 35.
1. Upacara adat sadurunge lair.  
Sajrone jabang bayi isih ana njero kandhutane ibu, wong Jawa wis nganakake upacara adat slametan, yakuwi:
    - a. Tingkeban 4 sasi, utawa ngupati. Ubarampe upacara sing wigati yaiku kupat, nanging kupate dudu kupat lebaran, nanging kupat slamet. Wangune luwih bunder, ora kothak.
    - b. Mitoni pas kandhutan umur 7 sasi.
  2. Upacara adat sawise mati:
    - a. Geblag, dina matine. Ing dina iki dianakake kenduren slametan sing jenenge surtanah.
    - b. Mitung dina, slametan sawise tinggal dunya wis pitung dina.
    - c. Matangpuluh, slametan sawise wong tinggal donya patangpuluh dina.
    - d. Nyatus, slametan sawise wong tinggal donya satus dina.
    - e. Mendhak sepisan, pindho, slametan sawise wong tinggal donya setaun lan rong taun Jawa( dudu taun Masehi).
    - f. Nyewu, slametan sawise wong tinggal donya sewu dina
- (Kapetik saking buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 58-59)

Upacara adat Jawa sadurunge lair yakuwi tingkeban lan mitoni, dene upacara adat sawise mati ing antarane yakuwi ....

- a. Geblag
- b. Nyeket
- c. Tedhak siten
- d. Sinduran

### **Gatekna pethilan wacan ing ngisor iki mangsuli pitakonan 36-37!**

#### **Upacara Panggih Penganten**

Ing upacara panggih penganten dianakake ana ing omahe penganten putri. Yen upacara ngundhuh mantu dianakake ing omahe penganten kakung.

Penganten putri metu diiringi putri dhomas. Putri dhomas kuwi putri sing ngiring penganten putri cacahe 800. Tembung dho padha karo loro, mas kuwi wilangan cacah 400. Rong mas padha karo 800. Nanging ing jaman saiki putri dhomas mung dadi istilah. Cacahe paling akeh sepuluh wae wis cukup. Crita putri dhomas iki kawiwitana nalika jaman Patih Suwanda mbedhah praja mboyong putri cacah 800 kanggo ratu gustine sang Arjuna Sasrabahu ing Maespatti.

Penganten putri banjur lungguh ana kursi ing sisih tengen. Ngenteni rawuhe penganten kakung, mula sok dadi tembung penganten, kuwi asale saka tembung nganti tegese ngenteni. Juru pamedhar sabda nyandra kahanane penganten putri, saranduning awak kabeh dicandra kanthi candra sing apik endah.

Penganten kakung teka ing sangareping gapura, uga diiring dening sanak kadange. Sing ngarep dhewe nggawa kembar mayang sakembaran. Kembar mayang sakembaran mau diupakara manut adat lan kabudayan ing panggonan mau. Penganten putri mrepeggi methukake penganten kakung ana ing regol sing wis ditaleni lawe utawa benang putih. Regol mau uga direngga nganggo rerenggan werna-werna sing ngemu surasa pralambang lan piwulang adat kabudayan.

...

(Kapetik saking buku Kawruh Basa Jawa MGMP Kab. Pati, 2021: 53)

36. Saka wacan kasebut bisa dingerten yen upacara ngundhuh mantu dianakake ana ing omahe ....
- a. penganten putri
  - b. penganten kakung
  - c. simbah
  - d. hotel
37. Juru pamedhar sabda nyandra kahanane penganten putri, saranduning awak ....
- a. kabeh dicandra kanthi candra sing apik endah
  - b. kabeh dicandra kanthi candra apa anane, ala ya dicandra ala, apik dicandra apik
  - c. kabeh dicandra kanthi candra sing ala-ala
  - d. saanane wae dicandra kanthi candra sing apa anane

38.

Upacara adat lan tradhisi wigati kanggo masarakat Jawa kang isih nguri-uri budaya lan ritual leluhure. Ancas nglampahake upacara adat lan tradhisi supaya diparingi keslametan lan panguripan sing becik marang awake dhewe, kulawarga, lan bebrayan. Negoro (2001) ngandharake manawa upacara adat ana telung wujud, yaiku: ritual pribadhi, ritual umum, lan ritual negari.  
(Kapetik saking buku Modul 5 Wirausaha Budaya Jawa, 2019: 4-9)

Ancas utawa tujuan nglampahi upacara adat lan tradhisi ing antarane supaya....

- a. Keslametan lan panguripan sing becik adoh saka awake dhewe, kulawarga, lan bebrayan
- b. Diaduhake keslametan lan panguripan sing becik marang awake dhewe, kulawarga, lan bebrayan
- c. Diparingi keslametan lan panguripan sing ala marang awake dhewe, kulawarga, lan bebrayan
- d. Diparingi keslametan lan panguripan sing becik marang awake dhewe, kulawarga, lan bebrayan

39.

Panggih yaiku penganten kakung lan putri ditemokake sabubare ijab. Ing acara panggih ana ritual balangan gantal (bakale suruh) lan wiji dadi (ngidak endhok), banjur kabacutake upacara ritual adat liyane. Upacara ritual adat liyane awujud timbangan, wisudha penganten, kacarkucur, dulangan, bubak kawah, tumplak punjen, tilik besan, sungkeman, lambang kalpika, kirab, nglabuh kembar mayang.  
(Kapetik saking buku Modul 5 Wirausaha Budaya Jawa, 2019: 12-13)

Panggih yaiku penganten kakung lan putri ditemokake sabubare ijab. Ing acara panggih ana ritual adat ing antarane .....

- a. ngapati, mitoni
- b. sepasaran, selapanan, tedhak siten
- c. ijab, midodareni, srah-srahan
- d. balangan gantal, wiji dadi, timbangan

40. Perangane karangan iku ana narasi, argumentasi, deskripsi, persuasi, lan eksposisi. Saben jinis karangan kasebut duweni titikan. Miturut panemumu, titikan wakan ing ngisor iki kang kalebu karangan deskripsi yaiku....

- a. Upacara adat Grebeg Suran dicritakake wiwit metune para prajurit kraton saka njero kraton, ngubengi Solo, nganti tekan mlebu kraton maneh kanthi runtut.
- b. Panulis ngandharake panemune ngenani upacara adat tolak bala kang dijumbuhake kalawan kahanan jaman saiki, panemune panulis kasebut dikantheni asil-asil panaliten modheren minangka bukti pandukung.
- c. Kahanan sekaten ing Solo digambarake kanthi cetha, kepriye ramene, kepriye swasanane, apa bae wahana sing ana ing alun-alun lan kalebu gambaran larasing tabuhan gamelan nalika gunungan.
- d. Tulisan iku medharake babagan upacara sedekah laut banjur menehi katrangan kepriye endahing lan eloking swasana banjur ngajak pamaos supaya ngrawuhi ing papan panggonan kang nindakake upacara kasebut.

41. Sajrone jabang bayi isih ana ing **kandhutane** ibu, wong Jawa wis nganakake upacara adat slametan. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

- a. addCriterion addCriterion
- b. addCriterion addCriterion
- c. addCriterion addCriterion
- d. addCriterion addCriterion

42. Tingkeban 4 sasi, utawa ngapati. Ubarampe upacara sing wigati yaiku kupat, nanging kupate dudu kupat lebaran, nanging **kupat slamet**. Wangune luwih bunder, ora kothak. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

- a. addCriterion addCriterion
- b. addCriterion addCriterion
- c. addCriterion addCriterion
- d. addCriterion addCriterion

43. Mitoni pas kandhutan umur 7 sasi. Ubarampe upacara iki sing penting yakuwi endhog lan cengkir sing digambari **Kamajaya lan Kamaratih**. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

44. Upacara Sepasaran, njenengi. Umur sepasar (limang dina) bayi diwenehi jeneng, ubarampene **jenang abang lan jenang putih**. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

45. Pupak puser, dinane ora mesthi, amerga saben bocah beda-beda suwene puser olehe pupak. Puser garing adate disimpen dening ibune jabang bayi, amarga kena dienggo kanggo **tamba lelarane** si jabang bayi. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

46. Selapan utawa 35 dina. Ing dina iki dina lan pasaran kelairan bayi mesthi padha. Upamane bayi lair dina Senen Pon, selapane dina **Senen Pon**. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

47. Saben selapan sepisan ing daerah tertemu dianakake among-among, yakuwi mangan bareng karo kanca-kancane sabarakan, olehe mangan segane diwadhahi **tampah, lawuhe kulub**, tempe lan endhogé mung siji. Endhog iki mengko diris lan dibagi kanggo kabeh bocah sing melu mangan. Tembung kang kacithak miring, yen ditulis aksara Jawa :

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

48. || ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ || ..... ଗୀତାଙ୍କ

Tembung kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku.....

  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ
  - ମାତ୍ରାକୁଣ୍ଡଳାହାନ୍ତାହେଁୟ

49. ແກ້ໄປ-ການຫຼັງຄາຖໍ່ໃນກວດຂໍຫົ່ມ !

။ ဟုပေမာက်ရတဲ့ နံနက်မိတ္ထုလွှဲ နှင့် ဟျေသူမြတ်ဆုတေသနတော် ဘဏ်ကို ဟျေသူမြတ်ဆုတေသန

..... ເດືອນ23ຖົກສາ ລາຍລັດວິທະຍາ

- a. ଲାହିୟା  
b. ନୂହିୟା  
c. ଲାହାହିୟା  
d. ଲୁହିୟା

50. Mandaswara kena ditegesi aksara Jawa sing karangkep aksara 'ra', 'ya', 'wa', lan 'la'. Tulisan ing ngisor iki kang migunakake mandaswara yaiku.....

- a. ၁၁၂၈၂၄၇၆၈  
c. ၈၃၀၇၅၉၂၈၂၈  
b. ၆၃၂၈၁၇၅၀၇၅၈  
d. ၅၄၂၅၈၂၅၈၂၅၈

## **II. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki (no 51-55) kanthi cetha nganggo ukara kang trep!**

51. Anoman iku salah sawijining paraga ing crita Ramayana kang awujud kethek putih. Apa kang bisa dituladhanie saha watake Anoman, sebutna 5 (lima) wae!

52. *Pamedhare wasitaning ati,  
Cumantaka aniru pujangga,  
Dhahat mudha ing batine,  
Nanging kedah ginunggung,  
Dhatan wruh yen akeh ngesemi,  
Ameksa angrumpaka,  
Basa kang kalantur,  
Tutur kang katula-tula,  
Tinalaten rinuruuh kalawan ririh,  
Mrih padhanging sasmita.*

Kamus kecik:

Kumas keek!	
Pamedhare	= pametune
wasitaning ati	= pituturing/ wewarahing/kandhaning pangrasa
cumanthaka	= kendel, wani
pujangga	= wong kang pinter bab kekarangan, layang, basa
dhahat	= banget
ngesemi	= nggeguyu
kalantur	= kebanjur owah saka kang baku nanging wis kaprah
katula-tula	= tansah nandhang sangsara
tinalaten	= ditindakake kanthi sabar
rinuruuh	= digoleki
kalawan	= karo, lan
ririh	= lirih, alon
mrih	= supaya
angrumpaka	= nganggit tembang, panyandra, ngripta
padhang	= resik, terang, cetha tumrap pengreti, prakara, pandeleng
sasmita	= polataning praen, ngalamat, pratandha

Jlentrehna pitutur luhur saka pethilan tembang Dhandhanggula kasebut, anggenmu njlentrehake bisa uga dikantheni tuladha jumbuh karo kahanan jaman saiki!

53. Pagelaran sandiwara sekolah duweni pisumbang marang kabudayan Jawa. Gaweya tuladha teks sandiwara kanthi tema 'ngajeni kanca' (menghargai teman), setting ing sekolah!
54. Gatekna gambar ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 54!



Gambar kasebut yaiku prosesi adat panggih penganten. Jlentrehna urut-urutane adat panggih dikantheni katrangane!

55. Jangkepana paragraf ing ngisor iki mawa tembung-tembung kang trep!

|| ॥  
.....(a) ॥  
.....(b) ॥  
.....(c) ॥  
.....(d) ॥

\*\*\*\*\**SUGENG MAKARYA*\*\*\*\*\*